

Vaksen Td

Sa Ou Bezwèn Konnen

(Tetanòs ak Difteri)

Many Vaccine Information Statements
are available in Haitian Creole and other
languages. See www.iammunize.org/vis

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo
disponib an Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang.
Acle sou sitwèb www.iammunize.org/vis

1 Poukisa pou mwen vaksinen?

Tetanòs ak difteri se maladi ki grav anpil. Yo ra nan Etazini jodi a, men moun ki vin enfekte souvan gen konplikasyon grav. Yo itilize vaksen Td pou pwoteje adolesan ak adilt yo kont toulède maladi sa yo.

Tetanòs ak difteri se enfeksyon moun pran akòz bakteri. Difteri simaye ant yon moun ak yon lòt moun nan tousé oswa nan etènye. Bakteri ki lakòz tetanòs la pase nan blesi, grafouyen oswa maleng pou antre nan kò a.

TETANÒS (Lockjaw) lakòz doulè avèk miskilati ki sere oswa ki vin rèd, anjeneral tout kote nan kò a.

- Li kapab lakòz miskilati yo sere nan tèt la ak kou a yon fason pou ou pa kapab louvri bouch ou, ou pa kapab vale, oswa pafwa ou ka menm pa ka respire. Tetanòs touye apeprè 1 sou chak 10 moun ki te enfekte menm apre yo te resevwa pi bon swen medikal.

DIFTERI kapab lakòz yon kouch epè fòme dèyè gòj la.

- Li kapab lakòz pwoblèm respirasyon, paralizi, ensifizans kadyak, ak lanmò.

Anvan te gen vaksen, te gen apeprè 200,000 ka difteri ak anpil santèn ka tetanòs chak ane nan Etazini. Depi vaksinasyon an te kòmanse, rapò ka pou toulède maladi yo te bese a 99%.

2 Vaksen Td

Vaksen Td kapab pwoteje adolesan ak adilt yo kont tetanòs ak difteri. Anjeneral, yo bay vaksen Td kòm yon dòz rapèl chak 10 zan men yo kapab bay li tou bonè apre yon blesi oswa brili ki grav ak sal.

Yon lòt vaksen ki rele Tdap, sa ki pwoteje kont koklich anplis de vaksen tetanòs ak difteri, li souvan rekòmande olye de vaksen Td.

Doktè w oswa moun kap ba ou vaksen an ka ba ou plis enfòmasyon.

Yo ka bay vaksen Td san pwoblèm anmenmtan avèk lòt vaksen yo.

3 Kèk moun pa ta dwe pran vaksen sa a

- Si ou te janm gen yon reyakson alèjik ki te menase lavi ou apre ou te pran yon dòz nenpòt vaksen ki gen tetanòs oswa difteri, OSWA si ou fè yon alèji grav ak nenpòt pati vaksen sa a, ou pa ta dwe pran Td. *Mande moun kap ba ou vaksen an osijè nenpòt alèji grav.*
- Pale avèk doktè ou si ou:
 - te gen doulè *grav* oswa anfleman apre ou pran nenpòt vaksen ki gen difteri oswa tetanòs,
 - te janm gen Sendwòm Guillain Barré (GBS),
 - pa santi ou byen nan jou ou gen pou pran vaksen an.

4 Risk pou gen reyakson nan yon vaksen

Avèk nenpòt medikaman, enkli vaksen gen yon chans pou pasyan an gen efè segondè. Anjeneral, efè segondè sa yo piti epi yo ale poukont yo. Reyakson grav posib tou men yo ra.

Pifò moun ki pran vaksen Td pa gen okenn pwoblèm avèk li.

Ti Pwoblèm apre vaksen Td:

(*Pat entèfere pou aktivite yo*)

- doulè kote moun nan te pran vaksen an (apeprè 8 sou 10)
- po kò moun nan vin wouj oswa anfle kote li te pran vaksen an (apeprè 1 sou 4)
- ti lafyèv (ra)
- maltèt (apeprè 1 moun sou 4)
- fatig (apeprè 1 moun sou 4)

Pwoblèm Modere apre vaksen Td:

(*Te entèfere ak aktivite yo, men pa t bezwen atansyon medikal*)

- Lafyèv ki depase 38.9°C (102°F) (ra)

Pwoblèm Grav apre vaksen Td:

(*Pa kapab fè aktivite nòmal yo; te bezwen atansyon medikal*)

- Anfleman, doulè grav, senyman ak/oswa po kò vin wouj nan bra kote moun nan te pran vaksen an (ra).



U.S. Department of
Health and Human Services
Centers for Disease
Control and Prevention

Pwoblèm ki kapab rive apre nenpòt vaksen:

- Pafwa moun yo pèdi konesans apre yon pwosedi medikal, enkli vaiksen. Si ou chita oswa kouche pandan apeprè 15 minit sa kapab ede ou pa ni endispoze ni pan chòk lè ou tonbe. Fè doktè ou konnen si ou santi vètij, oswa fè doktè a konnen si vizyon ou chanje oswa si ou tandem boudònman nan zòrèy ou.
- Gen moun ki gen gwo doulè nan zepòl e yo gen difikilte pou yo fè mouvman avèk bra kote yo te pran vaksen an. Sa pa rive souvan.
- Nenpòt medikaman ka koze yon reyakson alèjik grav. Kalite reyakson konsa apre yon vaksen ra anpil, yo estime a mwens pase 1 ka sou yon (1) milyon dòz, epi sa ta rive kèk minit oswa kèk èdtan apre moun nan fin pran vaksen an.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon chans fèb pou yon vaksen koze chòk grav oswa lanmò.

Yo toujou kontwole sekirite vaksen yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb: www.cdc.gov/vaccinesafety

5

Kisa pou mwen fè si mwen gen yon reyakson ki grav?

Kisa mwen ta dwe chèche?

- Chèche nenpòt bagay ki konsène ou, tankou siy yon reyakson alèjik grav, lafyèv ki fò anpil, oswa chanzman nan konpòtman.

Siy yon reyakson alèjik grav kapab gen ladan itikè, figi anfle ak göj anfle, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij ak feblès. Siy sa yo ta kòmanse nan kèk minit pou rive nan kèk èdtan apre ou pran vaksen an.

Kisa mwen ta dwe fè?

- Si ou panse se yon reyakson alèjik ki grav oswa si ou panse se yon lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oswa mennen moun lan nan lopital ki pi pre a. Sinon, rele doktè ou.
- Apre sa, ou ta dwe rapòte reyakson nan ba Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS) (Sistèm pou Rapòte Reyakson Negatif Vaksen). Doktè ou ta ka fè rapò sa a, oswa ou kapab fè li poukont ou sou sitwèb VAERS nan www.vaers.hhs.gov, oswa ou kapab rele nimewo **1-800-822-7967** pou fè sa.

VAERS pa bay konsèy medikal.

Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan Vaksen

National Vaccine Injury Compensation Program (VICP) (Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan Vaksen) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te ka pran chòk akòz sèten vaksen.

Moun ki kwè yo te ka pran chòk nan yon vaksen kapab chèche enfòmasyon sou pwogram nan ak sou fason pou yo fè yon reklamasyon. Pou fè sa, yo ka rele nimewo **1-800-338-2382**, oswa yo ka ale sou sitwèb VICP nan www.hrsa.gov/vaccinecompensation. Gen yon delè limit pou prezante yon reklamasyon pou konpansasyon.

7

Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

- Mande doktè ou. Li ka ba ou yon pake vaksen oswa sijere lòt sous enfòmasyon.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la.
- Kontakte Centers for Disease Control and Prevention (CDC) (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi):
 - Rele nimewo **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)**
 - Ale sou sitwèb CDC nan www.cdc.gov/vaccines

Vaccine Information Statement Td Vaccine

04/11/2017

Haitian

42 U.S.C. § 300aa-26

